

**BASA DOL TINUKU PAK CEMPLON ING SAJRONE YOUTUBE AKUN
DOLAN ADOH (TINGINGAN SOSIOLINGUISTIK)**

Imam Rosyidin Amin

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni,

Universitas Negeri Surabaya

Imamamin16020114038@mhs.unesa.ac.id

Dr. Surana, S.S., M.Hum.

Dhosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni,

Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Maneka warna basa bisa ditemokake ing sajrone bebrayan. Piranti komunikasi anggane cecaturan yaiku basa sing digunakake menungsa anggane cecaturan marang liyane. Kekarepane anggane cecaturan utawa komunikasi marang liyane ngandhut ancas tartamtu saka panuture. Pasar salah sawijine papan panggonan bisa ditemokake basa sing maneka warna. Salah sawijine wong dodolan ing pasar yaiku Pak Cemplon sing dadi objek panliten. Basa dialek lan logat sing unik saka Pak Cemplon nduweni nilai luwih marang sing arep tuku dadi bisa sumringah atine. Akeh wong sing ora arep tuku dadi arep tuku amarga Pak Cemplon bisa gegojekan marang liyane. Andhedhasar andharan kasebut ing panliten iki ngandhut telung andharan panliten, (1) Kepriye wujud basa sajrone dol tinuku Pak Cemplon ing youtube, (2) Kepriye wujud campur kode sajrone dol tinuku Pak Cemplon ing youtube lan, (3) Apa tujuwan sing kinandhut basa sajrone dol tinuku Pak Cemplon ing youtube.

Dhasar saka panliten ragam basa iki wujud ragam basa, campur kode, alih kode lan, sebab dumadine campur kode lan, alih kode. Panliten ngenani ragam basa iki kalebu panliten kualitatif nggunakake metodhe sosiolinguistik. Metodhe sosiolinguistik dadi dhasare ing panliten iki amarga cecaturan sing sinambungan marang kahanan masyarakat utamane cecaturan Pak Cemplon ing vidhio youtube ing akun dolan adoh.

Tembung wigati: Ragam Basa, Pak Cemplon, Sosiolinguistik, Pasar

PURWAKA

1.1 Lelandhesane Panliten

Piranti komunikasi salah sawijine bisa dimangerteni yaiku basa. Variasi basa sing ana sajrone masyarakat iki amarga

masyarakat asring komunikasi marang akeh pawongan ing dhaerah-dhaerah liyane nyebabkake tata basa saka pawongan kasebut wis oleh pengaruh saka tata basa pawongan liyane. Basa bisa lair ing masyarakat amarga dadi piranti komunikasi sing paling utama agawe cecaturan, mula iki basa ora bisa dipisahake saka kahanan masyarakat. Tuladhane yen motor butuhake bensin basa iki piranti paling utama sing kudu dibutuhake menungsa supaya bisa cecaturan. Menungsa bisa diarani mahluk sosial dimangerteni yen menungsa ora bisa urip dewean mula saka iki basa sing bakal nyambungake siji marang liyane.

Halliday(1968:16) njelasake yen ragam basa diperang dadi loro miturut panutur diarani register lan panutur diarani dialek. Register diperang dadi telu yaiku bidang, tenor, lan tatacara. Babagan saka bidang ana sosial lan komunikasi, babagan saka tenor sosial lan tatacara medhia komunikasi. Babagan dialek ana dialek regional (basa ing dhaerah) lan dialek sosial (wernane basa sing digunakake ing sawijine dhaerah). Dialek regional sinambungan dhaerah panutur lan saka asale panutur.

Andharan saka Samsuri(1994:4) manungsa ora bakal bisa pisah saka basa. Manpaat saka basa bisa ndadekake sesandingan marang liyane ateges,

manpaat saka komunikasi iki akeh banget yen ora ana komunikasi manungsa bakal ora bisa ngrasakake kontak basa. Kedadeyan sing nyebabkake kontak basa yaiku kelompok pindah papan pangonan liya, pindahe kelompok iki bakal ana pengaruh pindahe budaya lan, pendhidhikan sing diolehake masyarakat ing papan liyane lan digawa menyang dhaerah asal. Sumber panguripan sing nyebabake kelompok pindah papan pangonan utawa individu sing pindah amarga pengin ngolehake pendhidhikan sing kualitas luwih apik. Budaya bisa dadi salah sawijine kedadeyan kontak basa. Tuladhane ana kelompok sing pindah pangonan lan gawa budaya asli sing mengaruhi kelompok wis ana sadurunge utawa kelompok anyar iki bakal nyocogkake budaya sing wis ana ing dhaerah kasebut.

Salah sawijine panggonan sing bisa ditemokake basa lan kontak basa yaiku pasar. Pasar dadi panggonan sing kebak menungsa asring cecaturan anggane dol tinuku barang. Saben pawongan sing ana ing pasar nduweni tatanan basa dhewe-dhewe amarga kualitas pendhidhikan lan paham budaya dhewe-dhewe. Tatacara nawarake barang dodolane ing saben pasar samesthine nduweni tatacara bedha. Tuladhane ing pasar babat nawarake wingkone lumantar gerobak sing kebak

wingko lan ditulis wingko asli kelapa muda, yen ing dhaerah bantul salah sawijine sing adol yaiku Pak Cemplon nawarake kanthi cara dijlentrehake lan uga bisa diarani cerewet nanging gegojekan supaya narik kawigaten lan pawongan sing lewat bakal mandek banjur ngubengi Pak Cemplon. Variasi basa ateges dialek sing digunakake Pak Cemplon iki akeh banget. Basa sing digunakake Pak Cemplon ana basa Jawa, basa Indonesia lan, basa Inggris.

1.2 Underan Panliten

(1) Kepriye wujud basa sajrone dol tinuku Pak Cemplon ing sajrone youtube akun dolan adoh ?

(2) Kepriye wujud campur kode basa sajrone dol tinuku Pak Cemplon ing sajrone youtube akun dolan adoh ?

(3) Apa tujuwan sing kinandhut ing basa sajrone dol tinuku Pak Cemplon ing sajrone youtube akun dolan adoh?

1.3 Ancas Panliten

Panliten iki nduweni ancas njlentrehake ukara ngenani wujud basa, campur kode, alih kode lan, tujuwan sing kinandhut ing basa dol tinuku Pak Cemplon ing youtube akun dolan adoh.

1.4 Paedah Panliten

Paedahe panliten diajab ngrembakake metode sosiolinguistik ing panliten basa Jawa lan, muga bisa ngrembag metode sosiolinguistik lumantar medhia pasinaon.

1.5 Wewatesane Panliten

Wewatesane saka panliten iki arupa kontak basa sing ngrembag babagan campur kode alih kode. Saka wewatesan iki panliten diajab ngrembag ngenanani campur kode sarta alih kode lan ora mblabar supaya panliten luwih tumata.

1.6 Panjletrehane Tembung

Ragam basa utawa bisa diarani variasi basa sajrone vidhio youtube objek panliten yaiku cecaturan Pak Cemplon.

Medhia sosial yaiku youtube dadi dhata lan sumber dhata saka panliten ragam basa.

Pak Cemplon yaiku pawongan sing dodol ing pasar dhaerah Jawa tengahan migunakake basa gegojekan supaya bisa narik kawigaten.

Kode basa sing digunakake saben pawongan agawe mangerteni mitra tutur diarani alih kode.

Unsur basa siji dicampurake marang unsur basa liyan supaya anggane nyampekake kekarapene luwih cetha diarani campur kode sesambungan marang frasa, klausa, lan tembung.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

2.1 Panliten Saemper

Panliti nggunakake telung panliten sing wis ana sadurunge agawe adhedhasar nulis panliten iki, yaiku

(1) judul panliten ngenani ragam basa sajrone pecaturan pasar jongsok wonokromo Surabaya ing taun 2017 diserat dening bagus akbar gumelar.

(2) judul panliten ragam basa sajrone youtube akun londo kampung njlentrehake basa sing digunakake dave anggane cecaturan ing taun 2019 diserat deni M ihya ulumudin.

(3) judul panliten register blantik sapi ing pasar kewan kec. Pujon, Kab. Malang ing taun 2015 diserat dening dendang dewi wulandari.

2.2 Sociolinguistik

Hudson sajrone Basir(1998:10) njlentrehake sesambungan studi ngenani basa piranti komunikasi sing digunakake ana sinambungane marang sociolinguistik. Downes(1998:9) cabang ilmu linguistik ngrembag babagan basa sinambungan faktor sosial lan kontekstual bisa diarani sociolinguistik. Saka loro andharan jumbuh marang andharan saka Chaer lan Leonie(2010:3) sociolinguistik yaiku basa

sing ana masrakat sinambungan karo ilmu sociolinguistik.

2.3 Basa

Basir(2010:123) ngandharake sapa ngomong wadon utawa lanang, yen ngerti lan illing swarane bakal gampang dimangerteni sapa sing ngomong. Lumantar basa dadi medhia kabeh bakal bisa dimangerteni. Sayama(2015:32) sistem lan sub sistem sajrone basa gampang mangerti dening panutur.

2.4 Fungsi Basa

Fungsi saka basa piranti agawe komunikasi utawa sesambungan marang liyane lan akeh maceme uga manpaate. Masrudin(2015:36) ngandharake manpaat saka basa ana papat babagan, (1) kabudayan, (2) kemasyarakatan, (3) individu, (4) pendhidhikan.

2.5 Kontak Basa

Kedadeyan kontak basa yaiku *diglosia*, *bilingualism*, campur kode, interfensi, konvergensi lan, alih kode andharan kasebut miturut Chaer lan Agustina(2010:84). Cecaturan siji lan liyane bakal nuwuhake wujud campur kode lan alih kode.

2.6 Ragam Basa

Kumpulan basa sing ana ing masyarakat utawa basa sosial diarani

ragam basa. Komunikasi sesambungan papan panggonan menyang apa sing kepingin disampekake marang liyane. Ragam basa sinambungane dialek amarga saben-saben dhaerah nduwe basa digunakake ing dherahe.

2.7 Kedwibahasaan

Edwards (2006: 41) basa nenggenake apa wae dimangerteni panutur lan variasi basa tetembungane isih bisa dimangerteni nganthi cetha. Kedwibahasaan (*bilingualism*) tegese tetehe anggane ngandharake ukara bisa ngerti rong basa lan bisa dimangerteni marang mitra tutur. Weinreich ing sajrone Basir(1970:31) kedwibahasaan ngenani praktek migunakake rong basa tatacarane gantian anggane njlentrehake.

2.8 Alih Kode

Basir(2010:127) dhasar alih kode saka kedadeyan tumrap siji kode sajrone kode saliyane. Kedadeyan alih kode salah sawijine aspek sesambungane lumantar basa ing masyarakat bilingual. Panutur basa ing masyarakat bilingual utawa multilingual nyebabake ora bakal migunakake siji basa murni tanpa paedahe basa utawa unsur basa sing liyane.

2.9 Campur Kode

Thelander lan Kachru ing sajrone Basir(1997:131) medharake campur kode

yaiku proses migunakake siji utawa luwih saka siji basa supaya luwih bisa njangkepi sajrone basa sing digunakake siji utawa luwih saka siji basa ing ukara sing padha. Kahanan sing maneka werna iki bakal menahi pengaruh marang andharan panutur sing ngandhut ukara campur kode.

2.10 Lelandhesan teori

Lelandhesan teori panliten ragam basa iki migunakake teori basa Halliday(1968:16) medharake ragam basa lumanar panutur lan papan panggonan. Ragam basa mitur panutur tegese register lan sesambungan marang panggonane ditegesi dialek. Basir(2010:4) panliten ngenani babagan basa nduweni instrumen utama sajrone masyarakat sung kudu gambarake budaya, kahanan lan, karaktere ing salah sawijine bangsa.

METODHE

3.1 Jinis Panliten

Jinis panliten ing panliten iki nggunakake metodhe deskriptif kualitatif, dimangerteni panliten nggambarake lan ngandharake analisis dhata migunakake deskripsi. Sukandarrumidi(2006:104) njlentrehake panliten deskripsi ngandharake kahanan sing ana masyarakat. Panliten iki njlentrehake jinis campur kode, alih kode lan, fakror mangribawani dumadine campur kode alih kode sajrone objek

vidhio Pak Cemplon ing youtube akun dolan adoh

3.2 Sumber dhata

Sumber dhata asale saka vidhio Pak Cemplon ing youtube akun dolan adoh awujud ukara, tembung lan, klausa. Vidhio sing diunggah dening akun dolan adoh wis upload vidhio cacah akeh.

3.3 Dhata

Dhata panliten nggunakake dhata primer. Dhata saka vidhio dol tinuku Pak Cemplon nawarake barang dodolan lan ngandhut ragam basa. Wujud dhata ora katulis nanging dhata saka panliten iki ana ing ukara sing diandharake Pak Cemplon nalikane dodolan. Dhata sing kajupuk ngandhut wernane basa sesambungan klausa, frasa lan, tembung.

3.4 Instrumen Panliten

Intrumen panliten cacah ana loro, instrumen utama panliti nggolehake dhata sabanjure ngolah dhata, instrumen payengkuyung yaiku panliti nggunakake piranti yaiku laptop kanggo njinggelengi vidhio banjur dhata di klumpukake, ditulis, lan analisis saka dhata sing wis diolehake.

3.5 Teknik Pangumpule Dhata

Teknik pangumpule dhata ing panliten cacah ana loro, kanthi cara nyathet lan nyimak. Nyathet digunakake panliti agawe

ngumpulake dhata saka nyimak vidhio, nyimak digunakake ngumoulake dhata sabanjure panlite njinggelengi objek yaiku vidhio Pak Cemplon. Tatacara ngelaksanani nglumpukake dhata

(1) nyemak vidhio

(2) dhata sing diolehake diklumpukake lan dicathet

(3) nggolongake dhata sawise dicathet lan di klasifikasi wujud alih kode, campur kode lan, faktor mangribawani.

3.6 Tatacara Ngolah Dhata

Tahap kapisan transkrip dhata. sampel dhata saka vidhio dicathet utawa di transkrip. Ancase saka ditranskrip iki supaya nggampangake panliti ngerti dhata sing cocog marang undheran panliten.

Sabanjure dhata diklasifikasi saka wujud dhata tulisan. Klasifikasi dhata ancane supaya panliti bisa nemtokake dhata iki kalebu dhata campur kode, dhata campur kode, dhata faktor mangribawani dumadine alih lan campur kode.

3.7 Tatacara Nulis Asile

Tatacarane nulis asil panliten nggunakake metodhe formal lan informal. Miturut Sudaryanto(1993:145) metodhe formal diarani cara nyuguhake asil analisis nggunakake angka lan kode-kode. Metodhe informal diarani tatacara

nyuguhake dhata nggunakake tetembungan sing lumrah. Metodhe formal ancane kanggo menehi kode lan metodhe informal ancane kanggo deskripsi asil panliten supaya kutipan sing wis dikutip bisa dimangerteni lumantar ukara sing migunakake tembung basa Jawa.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Andharan asile panliten diandharakae cacahé ana telu, yaiku wujud ragam basa, wujud campur kode basa, tujuwan kang kinandhut dol tinuku Pak Cemplon sajrone youtube ing akun dolan adoh

Wujud Ragam Basa

Wujud ragam basa diperang dadi lima yaiku basa Jawa ngoko menyang Indonesia, basa Jawa dialek Jawa tengahan, basa Jawa ngoko menyang basa Jawa krama, ragam basa transaksi, Basa slang. Ing ngisor iki tuladhane saka wujud ragam basa.

4.1 Basa Jawa ngoko menyang basa Indonesia

(1)PC : Lampu satus ewu ayo satus ewu, sangapuluh, longpuluh, tungpuluh, suwidak, seket. Hayo seket lho. Seket, tang puluh lima, telung puluh lima.

KS : Molas, molas, molas hahaha

PC : Sapa sing ngenteni selawe? Kowe ngenteni selawe?

A1 : Aku tep molas og hahaha

PC : Ya aja, nganti mbah mu meteng ya aja. Mas mas bojomu ayu lo yakin

KS : Ngunu neh, ngguyoni neh hahaha

PC : Gojek mas gojek mas ya hahaha. Barang siapa yang masih bisa tertawa golongan orang-orang yang sehat badanya, tetapi barang siapa yang tertawa sendiri ora apik ya, kuwi kancane setan hahaha. Iki lampu telung puluh, telung puluh lima, telung puluh ewu

Dhata (1) ing dhuwur iki nyritakake nalikane Pak Cemplon nawarake barange arupa lampu rong puluh watt sing mulane regane satus dadi telung puluh ewu, nanging isih akeh sing ngenyang lima las ewu. Agawe nguyu sing tuku liyane Pak Cemplon nggunakake basa Indonesia nanging luwih endel anggane ngucapake. Cecaturan iki ana ukara sing disisipi ukara basa Indonesia. Bisa kabukten ing ukara “Barang siapa yang masih bisa tertawa golongan orang-orang yang sehat badanya, tetapi barang siapa yang tertawa sendiri ora apik ya”. Ukara kasebut bisa diarani campur kode sisipan basa Indonesia amarga sing wiwitan nggunakake basa Jawa banjur disisipi nggunakake tembung basa Indonesia.

4.2 Basa Jawa dialek Jawa tengahan

(2)PC : Jelas kowe gelem wis nindik ket wingi nyohh,

sapa sing gelem maneh
nyohhh

A2 : Iki arit e 5 ewu to iki

PC: Arit kok 5 ewu, sek sek iki
bojomu to mas?

A3 : Yaiya

PC: Kok ayu to mas, tak pek e
mas hehehe

A3 : Entuk

PC: Alah ngapusi ora ngandel,
tak pek tenan setres tenan
kowe

A2: Ya biasane nek karo wong
ayu arite 5 ewu

PC : Wah ya aja, ndak kulino

A4 : Grajine mau wis entek?

PC : Grajine entek gowo papat
kok. Langsung mak
brevet-brevet. Aku dodol
ngene gur tak nggo
samben urip kan aku ora
bathi telek minthi. Saiki
arit nyoh sak juta huweh
hwoot ayole ayo ayole
ayo dawane 13 setengah
meh padha kyok gonanku
pitung puluh suwidak
seket petung puluh
dhuwiten

A5 : Limang ewu

PC: Wis ora mungkin
nggayelke, nyohh telung
puluh

A5 : Rong puluh

PC: Ya aja selawe gelem?
Nyohh

A6 : Ndi arite

PC: Ya gur gowo loro nek mak
clengit-clengit yawis entek

Dhata (2) nyritakake Pak Cemplon sing nawarake barange marang sing arep tuku nggunakake basa dialek Jawa tengahan tuladhane nyoh, ngapusi ndak kulino, mak brevet-brevet, minthi, nggayelke. Pak Cemplon nggunakake basa lumrah digawe ing dhaerah kasebut

supaya bisa di tampa gampang lan bisa gegojekan supaya narik kawigaten. Tuladhane sing narik kawigaten yaiku “alah ngapusi ora ngandel” “wah ya aja, ndak kulino”, “iku bojomu kok ayu tenan mas? Tak pek oleh?”. Panutur migunakake campur kode lumantar dialek sing digawe ing dhaerah kasebut lan wis dadi pakulinane supaya bisa nyambung komunikasi marang wong sing arep tuku. Tuturan kasebut kagolong campur kode migunakake basa Jawa ngoko sisipan migunakake basa Jawa dialek dhaerah Jawa tengahan.

4.3 Bahasa Jawa ngoko marang basa Jawa krama

(3) PC : We reti to jenenge bojoku sumiyati hahaha, ndelok youtube to ?

A1: Ya ngerti tekan youtube og

A2 : Tekan ngendi dhik ?

A1 : Wong kepen aku

A2: Wong kepen wong kepen kek i maneh to hahaha

PC : Masane kene ya nggolek dhuwit og. Engko mesti tekon omahku ngendi ngono. Ya sik to urung tekan titiwancine

Dhata (3) nyritakake Pak Cemplon gegojekan marang sing arep tuku yaiku bocah wadon lan ditakoni jenenge bojone. Sabanjure sing arep tuku menehi ngerti Pak Cemplon yen ngerti jenenge bojone diwenahi hadiah. ukara diandharake Pak Cemplon ngenani menehake barang sing

durung wayahe iki ngandhut basa krama bisa kabukten kutipan “masane kene ya nggolek dhuwit og. Engko mesti tekon omahku ngendi ngono. Ya sik to urung tekan titiwancine”. Ukara kasebut disisipi basa Jawa ngoko menyang basa Jawa krama yaiku tembung titiwancine. ukara diarani campur kode basa Jawa ngoko disisipi basa Jawa krama amarga ana basa Jawa ngoko sisipan tembung basa Jawa krama.

4.4 Ragam Basa Transaksi

- (4)PC: lampu mang wat tang puluh, telung puluh
A1 : Moh
PC : Selawe
A1 : Moh
PC : Rong puluh, ngacung o
A1 : Sepuluh
PC : Wis diwenehi rokok barang ora rumangsa, wis ora gelem tuku hahaha
KS : Hahahaha

Dhata (4) nyritakake sadurunge dodolan Pak Cemplon menahi rokok marang sing arep tuku kabe. Saka diwenehi rokok kepinginane Pak Cemplon supaya sing arep tuku ora ngalih. Bener ora ngalih nanging saben ngenyang barang kemurahan agawe atine Pak Cemplon iki mangkel. Senajan atine mangkel ana saperangan barang sing pancen diarepkake dening sing tuku lan didol payu akeh. Kanthi cara menahi rejeki miturut Pak Cemplon rejekine bakal luwih gedhe lan

digawe gegojekan supaya ora sumpek kahanane.

4.5 Wujud Slang

- (5)A1 : Jigur mangan nek kunu enak banget ih haha
PC : Jigur ee, udud barang. Enak ra?
A2 : Enyak
PC : Sak ngombene ora hahaha

Dhata (5) nyritakake nalikane sing tuku ana sing mangan, nanging mangane ndodok nang sisihane dodolane Pak Cemplon sing kahanane rame lan panas. Ana salah sawijine arep tuku kaget nggunakake basa slang yaiku jigur. Dibuktekake ing kutipan “jigur mangan nek kunu enak banget ih haha”. Tembung jigur kasebut dadi wujud basa slang amarga saka basa bajigur lan sadurunge saka tembung bajangan.

Wujud Campur Kode Basa

Wujud campur kode basa cacache ana loro yaiku campur kode sisipan tembung lan campur kode sisipan frasa. Ing ngisor iki tuladhane :

4.6 campur kode sisipan tembung

- (6)PC : Sudah punya pacar belum? Ganteng kan? Cemplon kaya istri saya satu lho mbah. kowe jadi istri ku ya
KS : Halah mesthi hahaha

Dhata (6) nyritakake nalikane Pak Cemplon ngguyoni bakul rokok sing isih

enom lan ayu. Sajrone andharan ngandhut ukara campur kode sisipan tembung, bisa dibuktekake kutipan “kowe jadi istri ku ya”. Kutipan kasebut ngandhut ukara campur kode sisipan tembung amarga sajrone ana percampuran rong basa antarane basa Jawa ngoko lan basa Indonesia.

4.7 Campur Kode Frasa

(7))PC: Bakulan kok ya ngene larise bakul tingkat dewa ya ngene iki. sepuluh ewu maneh sapa gelem? Mang ewu nyoh adahe tok nek sak isine bongko aku

KS : Hahaha

Dhata (7) nyritakake Pak Cemplon ngudo rasa ngenani barang dodolane laris. Anggene ngudo rasa bebarengan nyambi gegojekan supaya kabeh sing tuku utawa pelanggane melu ngrasake bungah. Ukara ngudo rasa Pak Cemplon ngandhut campur kode bentuk unsur frasa. Bisa dibuktekake kutipan “bakulan kok ya ngene larise bakul tingkat dewa ya ngene iki”. Ukara kasebut kalebu campur kode bentuk unsur frasa amarga nduweni arti sing luwih njlentrehake ukara sadurunge.

4.8 Tujuwan Sing Kinandhut

Panliten ragam basa iki nggunakake objek Pak Cemplon dadi panutur amarga sakabehana cecaturan marang sing arep tuku basa sing digunakake luwih variatif. Basa sing digunakake nduweni makna sing

agawe kabeh wong gemuyu saengga kabeh sing arep tuku padha teka marang barang dodolane. Wernane basa luwih variatif uga akeh maceme.

PANUTUP

5.1 Dudutan

Ana ing analisis ing dhuwur bisa dimangerteni nduweni wolung perangan, yaiku ragam basa ngoko-dialek, ngoko-indonesia, dialek jawa tengakan, ragam basa transaksi, wujud slang, campur kode sisipan unsur tembung, campur kode sisipan unsur frasa, lan tujuwan sing kinandhut basa dol tinuku Pak Cemplon. Alih kode lan campur kode digunakake Pak Cemplon nalikane nawarake barang utawa nggudhang marang sing arep tuku, bocah wadon, lan bocah cilik supaya kahanane luwih seneng.

Vidhio Pak Cemplon sajrone youtube wis akeh dideleng dening pamirsa ing youtube. Narik kawigaten uga unik lan gegojekan sing agawe akeh sing deleng video Pak Cemplon ing akun dolan adoh. Bisa menahi ngerti yen basa Jawa tengahan iki beda marang dhaerah liyane utamane dhaerah Surabaya, Malang, Gresik lan nuduhakane yen ragam basa Jawa akeh wernane.

5.2 Pamrayoga

Puji syukur konjuk marang Gusti kang murbeng dumadi, kang sampun paring nikmat kasarasan saha karaharjan, shalawat sarta salam konjuk marang Nabi Muhammad SAW. Kula ngaturaken agunging panuwun marang bapa, ibu lan mas kula ingkang sampun menehi semangat anggene ngrampungake panliten iki. Kangge kanca-kanca 2016 B, ngopi ugi kula ngaturaken angunging panuwun amarga sampun menehi semangat anggene kula ngrampungaken panliten. Mugi-mugi panliten menika saged paring barokah lan manpaat dhumateng panjenengan sedaya.

KAPUSTAKAN

- Basir, Udjang Pairin. 2010. *Sosiolinguistik Pengantar Kajian Tindak Berbahasa. Edisi kedua*. Surabaya: Bintang Surabaya.
- Basir, Udjang Pr. 2002. *Sosiolinguistik Pengantar Kajian Tindak Berbahasa*. Surabaya: UNESA.
- Chaer, Abdul lan Agustina. 2010. *Sosiolinguistik perkenalan awal*. Jakarta: Rineka cipta.
- Dewi, dendang. 2015. *Register blantik sapi ana ing pasar kewan kecamatan pujan kabupaten malang*.
- Djamil, misbach. 1995. *Sosiolinguistik*. Jakarta: Departemen pendidikan dan kebudayaan.
- Gumelar, bagus. 2015. *Ragam basa sajrone pecaturan dol tinuku ing pasar jongkok wonokromo kutha surabaya*.
- Kurnia, indah. 2018. *Pemakaian Bahasa Pedagang Dalam Transaksi Penjualan di Pasar Kedinding Surya Surabaya*
- Malabar, sayama. 2015. *Sosiolinguistik*. Gorontalo: Ideas publishing.
- Masruddin. 2015. *Sosiolinguistik*. Sulawesi selatan: Read institute press.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa Pengantar Wacana Wahana Kebudayaan Secara Linguistik*. Yogyakarta. Duta Wacana University Press
- Sudaryato. 1998. *Metode Linguistik*. Yogyakarta: Gadjah Mada University
- Suhardi, Basuki. 2009. *Pedoman penelitian sosiolinguistik*. Jakarta: Departemen pendidikan nasional.
- Sukandarrumidi. 2006. *Metodologi Penelitian Petunjuk Praktis untuk peneliti pemula*. Yogyakarta: Gadjah Mada University
- Surana. 2005., Et Al. "Variasi Bahasa Dalam Stiker Humor (Doctoral dissertation, Universitas Gadjah Mada). Disertasi : Linguistik, Fakultas Ilmu Budaya, Universitas Gadjah Mada
- Surana. 2017. *Aspek Sosiolinguistik dalam Stiker Humor*. Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
- Sutrisni, Sri. 2005. *Alih Kode dan Campur Kode Dalam Wacana Interaksi Jual Beli di Pasar Johar*
- Rulyandi. 2014. *Alih Kode dan Campur Kode Dalam Pembelajaran Bahasa Indonesia di SMA*.

Ulumuddin ihya. 2019. Ragam basa
sajrone medhia sosial youtube akun

londo kampung. Skripsi: Universitas
Negeri Surabaya

